Free Digital Copy From ServeNow

ELEMAN BAZIK OU BEZWEN KONNEN SOU LAPRIYE

Lars B. Dunberg

ServeNow

Free Digital Copy From ServeNow

Bagay debaz ou bezwen konnen sou lapriyè

The Basic Things You Need to Know About Prayer (Haitian Creole)

Se Lars B. Dunberg ki ekri liv sa a

Dwa Legal © 2014, 2018 pou *ServeNow*.
Tout dwa sou liv sa a rezève a yomenm

ISBN 979-8-90086-121-0

(HCV) Haitian Creole Version
Sociedas Biblicas Uniides (United Bible Societies)

Se ServeNow ki pibliye l,
TBTBooks@weservenow.org
www.weservenow.org

Free Digital Copy From ServeNow

Eleman Bazik ou bezwen konnen sou Lapriye

Depi ane 2000, mwen gen yon maladi ki rele apnee dòmi. Mwen te sezi lè espesyalis te di mwen ke chak swa le mwen ap domi mwen pral oblije domi avek yon mask nan figi mwen, ak yon tub ki atache nan yon machinn. Machin nan genyen yon presyon pozitif kontinyèl nan pasaj van a pandan wap dòmi, sa anpeche ke ou sispann respire pandan wap ronfle. A la fin, gras a machin sa a ou pap ronfle, paske si ou louvri bouch ou, ou santi se tankou w ap nwaye — pa nan dlo men nan lè!

«Konbyen semen mwen sipoze pase atache nan machinn sa?» Mwen te mande san mwen pa ezite. Li gade mwen tankou mwen te soti nan yon lot planet epi li sekwe tet li. «Mr. Dunberg,» li reponn, «sanble ou pa konprann! Ou pral itilize machinn sa jiske ou rann denye soupi ou. Machinn sa ap avek ou pou lavi.»

Mwen te pè anpil! Premye nuit yo mwen te rache mask la sou figi mwen preske chak dis minit, mwen te santi mwen klostrofobik. Yon swa kou mwen te mare avek tube la e mwen manke toufe tet mwen. Sepandan apre kelke mwa, mwen fini pa apresye bon le pirifye ki te ap rantre nan poumon mwen apre li fin pase nan yon konpatman ki gen dlo ladan li nan machinn nan epi pemet mwen respire avek yon

Free Digital Copy From ServeNow

volim regulye. Apre tout lane sa yo, kounya mwen paka domi sanmi, li devni yon abitid e mwen konpletman depann de li.

Etap respirasyon de yon kwayan

Gen kèk kretyen ki pèdi kapasite yo pou respire espirityèlman, paske yo pa konprann ke lapriyè se soutyen yon kwayan, menm jan oksijèn se soutyen lavi. Nou ka repete pawòl Priyè Bondye a yon dimanch nan sevis legliz, oubyen nou di gras rapid pou yon repa, men lepli souvan lapriyè pa fè pati lavi kodidyen nou. Pa gen anpil lapriyè piblik nan sèvis nou yo epi pagen anpil moun ki patisipe nan okazyon reyinyon priyè kolektif nan legliz. Se poutèt sa anpil kwayan pa gen souf espirityèl ankò.

Pou ki rezon mwen ta bezwen priye?

Si Bondye vrèman tout bagay, epi li konnen tout sa mwen panse, poukisa mwen bezwen priye? Menm si li konnen lavni, nou pa konnen chwa nou pral fè. Li enpòtan pou nou viv dapre gidans li pou nou ka fè bon chwa yo.

Lapriyè devlope relasyon nou ak Bondye. Si nou pa janm pale ak mari oubyen madanm nou oubyen koute sa li ta ka gen pou l di nou, relasyon maryaj nou pap dire lontan. Se menm jan an tou ak Bondye. Kominike ak Bondye ede nou vin pi pwòch epi konekte pi byen ak Bondye.

Jezi te di, *Si nou fè yonn ak mwen, si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou mèt mande sa nou vle, y'a ban nou li* (Jan 15:7).

Free Digital Copy From ServeNow

Yon nan pwofet ansyen testaman dekri rezon ke nou sipoze priye. *Mwen pral pase rès moun sa yo nan dife. Mwen pral netwaye yo menm jan yo netwaye ajan nan dife. Mwen pral wè ki kalite moun yo ye menm jan yo pase lò nan dife pou wè si li bon. Y'a lapriyè nan pye m', m'a reponn yo. M'a di yo se pèp pa m' yo ye. Y'a di se mwen menm, Seyè a, ki Bondye yo* (Zakari 13:9).

Nan Bib la, ou pral jwenn kijan wa yo, pwofèt yo, ak moun òdinè tankou ou menm ak mwen te evite destriksyon lè yo priye Bondye. Yon priyè te kanpe solèy la; yon lòt te fè dife desann soti nan syèl la; epi yon lòt te ajoute kenz lane nan lavi yon wa; yon lòt ankò te sove yon vil tout antye. Moun sa yo te priye Bondye ki reponn priye a ak tout fòs yo.

Lapriyè se yon privilèj. Imajine pi bon zanmi ou genyen an; ou ka konte sou zanmi sa pou li ka egzakteman kote li di lap ye a. Nenpòt lè ou bezwen li, ou ka rele li epi li pap fache avè w. Li dispoze tande ou epi li reponn avèk lanmou ak sousi. Sa se menm jan ak lapriyè. Sèl diferans lan se ke pi bon zanmi ou se Bondye.

Bondye pa janm kache; li disponib pou nou 24 sou 24, 7 jou sou 7. Li konnen tout sa mwen te fè epi li kontinye renmen mwen! Li konnen avni mwen. Li konte jou mwen. Li gen pi bon plan ki disponib pou mwen. Li tèlman gen sousi pou mwen ke li bay Pitit Gason li pou mwen ka gen yon avni etènèl avèk li.

Vrè lapriyè se yon kominikasyon ale retou. Mwen pale ak Bondye epi li pale avèk mwen. Mwen pa konnen kijan Lespri a fè kominikasyon an mache — oubyen poukisa Bondye bezwen mwen priye — men se konsa li fonksyone.

Free Digital Copy From ServeNow

Mande, y'a ban nou. Chache, n'a jwenn. Frape, y'a louvri pou nou. Paske, nenpòt moun ki mande va resevwa. Moun ki chache va jwenn. y'a louvri pou moun ki frape (Matye 7:7-8).

Kisa mwen di lè mwen ap priye?

Èske m di premye bagay ki pase nan lespri mwen? Èske mwen itilize pawòl espirityèl oswa pawòl elokan? Anfèt, priyè ou yo pa bezwen long oswa enpresyonan. Nan Sèmon sou Mòn nan, Jezi te di nou, *Lè w'ap lapriyè, pa plede repete yon bann pawòl pou gremesi. Se konsa moun lòt nasyon yo fè. Yo mete nan tèt yo Bondye va tande yo si yo pale anpil* (Matye 6:7).

Lapriyè ka reyalize plizyè fason. Jis fè li de fason natirèl, tankou si ou te nan chanm nan avèk li. Ou ka di nenpòt sa ki sou kè ou; li ap menm koute tristès ou.

Yon jou, disip yo te vin kote Jezi. Mwen panse ke yo te santi yo tankou nou souvan santi nou, epi yo te tou senpleman di byen fò: *Senyè, anseye nou priye* (Lik 11:1). Li te fè sa! Li te ba yo yon priyè yo repete chak jou sou tout kontinan pandan plis pase 2,000 ane. Li vrèman pwofon e senp anpil.

Men ki jan pou nou lapriyè: Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou. vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l'nan syèl la. Manje nou bezwen an, ban nou l'jòdi a. Padonnen tout sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon pou n'tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba Satan. Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn (Matye 6:9-13).

Free Digital Copy From ServeNow

Nou rele sa Priyè Bondye a. Li ede nou, antanke pitit Bondye, pou nou kòmanse priye pou nou adore li. Nou konsantre panse nou sou sentete ak grandè Papa a. Nou dekouvri tou ke nou gen yon zanmi nan Papa nou ki nan syèl la.

Nou kontinye soumèt nou anba volonte li, ni pandan nou sou tè a ni nan syèl la. Soumèt nou devan Bondye se sèl fason pou priyè nou yo jwenn repons. *Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen l'ap koute nou si nou mande l' kichòy ki dakò ak volonte li* (1 Jan 5:14).

Lapriyè pou sa nou bezwen chak jou yo se pwobableman priyè ke nou pi konnen an. Ke nou genyen maladi grav, yon pwoblèm finansye, pwoblèm familyal oswa nenpòt lòt sikonstans espesyal, nou bezwen yon asirans ke Bondye ap rantre nan lavi chak jou nou.

Gen nan nou ki priye pou bezwen kotidyen nou yo, alòske gen lòt ki priye pou arivis kotidyen yo. «Senyè, ban mwen, ban mwen, ban mwen.» Senyè a pa yon Tonton Nwel, ki ap tann lis sa nou vle chak jou. *Konsa, zanmi m' yo, si konsyans nou pa kondannen nou, nou gen yon gwo lasirans devan Bondye. Tou sa n'a mande l', la ban nou l', paske nou menm nou fè tou sa li mande nou, nou fè sa ki fè l' plezi* (1 Jan 3:21–22).

«*Epi padone peche nou yo, menm jan nou padone moun ki fè nou mal.*» Mande padon ak padone lòt moun se pwobableman priyè ki pi difisil pou plis nan nou. Mwen ka fasilman mande pou yo padone m, men li pi difisil pou mwen mande yon lòt moun ki fe mwen mal padon. Nou bezwen fè yon priyè de repantans paske nou tout rate okazyon pou nou rive

Free Digital Copy from ServeNow

jwen nan glwa Bondye. Lè nou resevwa akseptasyon Bondye, atravè san Jezikri ki pirifye nou an, nou rekonèt nesesite pou padon ak repantans.

«Pa kite nou tonbe anba tantasyon, men delivre nou anba sa ki mal.» Jezi te fè fas ak tantasyon nan plizyè okazyon epi, avèk yon atitid soumisa, li te aji ak obeyisans anvè Bondye. Bondye pa janm tante nou, ni li pa izole nou fas a desizyon. Lè nou fè priyè pou delivrans Bondye kampe la avek nou.

Nan yon priyè delivrans, nou fè konfimasyon ke Bondye se vrèman Sovè a ki delivre nou anba tout sa ki mal. *Seyè a va toujou delivre m' nan tout move pa. L'ap konsève m' pou m' ka antre nan peyi kote li wa nan syèl la. Se pou li tout lwanj pou tout tan. Amèn* (2 Timote 4:18).

Kidonk, pa enkyete w pou fason wap fòmile priyè a. Pa pase Bondye lòd, men pito priyè pou ka resevwa lòd nan men Bondye. Se vwa ou ke Bondye anvi tande, epi lap reponn ou.

Kisa ki ap rive si mwen pa vrèman konnen kijan pou mwen priye?

Sentespri a ap ede ou lapriyè lè w pa konnen kijan pou w priye. *Se konsa tou, Lespri Bondye a vin ede nou, atout nou fèb la, paske nou pa konnen kisa pou n' mande lè n'ap lapriyè, ni ki jan pou nou lapriyè. Men, se Lespri Bondye a menm k'ap lapriyè Bondye pou nou. L'ap pouse gwo soupi moun pa ka esplike. Bondye menm ki konnen sa ki nan kè tout moun, li konnen kisa Lespri li a vle mande, paske sa Bondye vle a se sa Lespri li a ap mande pou tout moun k'ap viv pou Bondye* (Women 8:26, 27).

Free Digital Copy From ServeNow

Èske Bondye tande epi reponn priyè?

Wi, Bondye tande epi reponn priyè. Men 2 egzanp pwomès sa nan liv Sòm. *Lè moun ki mache dwat yo rele l', li tande yo. Li wete yo anba tray* (Sòm 34:17). *Lè l' rele m', m'ap reponn li. Lè l' nan tray, m'ap la avèk li. M'ap delivre l', m'ap fè yo respekte l'* (Sòm 91:15).

Ki sa ki ede priyè mwen yo monte?

Men kèk kalite debaz pou ede priyè nou yo monte:

Yon kè ki ranpli avek imilite

Lè sa a si pèp ki pote non m' lan lapriyè nan pye m', si yo soumèt devan mwen, si yo pran chache m' ankò, si yo vire do bay vye peche yo t'ap fè yo, m'ap tande yo nan syèl kote m' ye a, m'ap padonnen peche yo, m'ap fè peyi a kanpe ankò (2 Istwa 7:14).

Ak tout kè

N'a chache m', n'a jwenn mwen paske n'a chache m' ak tout kè nou (Jeremi 29:13).

Lafwa

Se pou sa mwen di nou: Tou sa n'ap mande lè n'ap lapriyè, si nou gen fèm konviksyon nou resevwa l' deja, n'a wè sa rive vre (Mak 11:24).

Jistis

Se pou nou konfese peche nou yo yonn bay lòt. Se pou yonn lapriyè pou lòt, pou nou kapab geri. Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa (Jak 5:16).

Free Digital Copy From ServeNow

Obeyisans

Tou sa n'a mande l', la ban nou l', paske nou menm nou fè tou sa li mande nou, nou fè sa ki fè l' plezi (1 Jan 3:22).

Poukisa gen kèk priyè ki pa jwenn repons?

Pafwa priyè nou yo pa jwenn repons. Bib la bay plizyè rezon oswa kòz pou echèk nan lapriyè:

Manke padon

Gen anpil rayisman pami kwayan yo. Sa a se yon reyalite ki tris. Se verite tou ke anpil moun eksplwate lòt moun nan anpil fason enjis. Kalite mal sa yo fè moun mal. Yo trouve li difisil pou padone. Ou ka trouve ou nan yon sitiyasyon parey. Si ou manke padon nan kè ou, Lè sa a, Bondye pap ka reponn priyè ou yo.

Jezi te deklare prensip sa yo byen klè nan mesaj li sou Mòn nan: *Konsa, si lè w'ap mete ofrann ou sou lotèl la bay Bondye, epi antan ou la devan lotèl la, ou chonje frè ou gen kichòy kont ou, men sa pou ou fè: Kite ofrann lan la devan lotèl la, ale byen ak frè ou la anvan. Apre sa, wa tounen vin bay Bondye ofrann ou an* (Matye 5:23, 24).

Nou bezwen anpil favè Bondye pou nou kapab padone lòt moun. Menm apre ou fin padone yon moun, pandan plizyè mwa ankò ou ka santi doulè mal yo fè w la. Sa se yon bagay tout afè natirèl. Bondye ap geri doulè sa a tou.

Padone lòt moun se youn nan batay ki pi difisil ou ka fè fas. Men, si ou pa padone lòt moun, priyè ou yo pap jwenn repons. Paske Bondye te montre ou mizèrikòd, li espere ou montre lòt moun menm mizèrikòd sa. Parabòl sèvitè san pitye a ki nan Matye

Free Digital Copy From ServeNow

18:21–35 a montre sa trè klè. Jezi te pale de nonm san pitye a ke yo te mete nan prizon. Li ajoute aprè pou di, *Se sa Papa m ki nan syèl la ap fè w si w refize padone frè w yo ak sè w yo ak tout kè w.*

Peche an kachèt

Se peche se sa ki separe Bondye ak nou. Malre ke yon kwayan pa pèdi estati li kòm pitit Bondye lè li peche, peche li komèt la se yon baryè pou lapriyè. Toutotan gen peche san konfesyon nan lavi nou, priyè nou yo pap jwenn repons. Bib la fè prensip paret byen klè: *Si mwen te gen move lide nan tèt mwen, Seyè a pa ta koute sa m' t'ap di l' la* (Sòm 66:18). Men se mechanste nou yo ki mete yon baryè ant nou ak Bondye nou an. Se peche nou yo ki fè l' vire figi l' pou l' pa tande nou (Ezayi 59:2).

Lè priyè ou yo pa jwenn repons, verifye si wap kenbe peche nan kè w. Mo «cheri» a vle di reyèlman «akomodasyon.» Li pa vle di fe peche aksidantèlman. Okontrè, li pa vle di jwe avèk li epi kenbe li byen di. Fòk nou konfese yon peche konsa. Se sèlman lè sa a Bondye ap reponn priyè nou yo.

Dout

Sa a se yon difikilte anpil moun rankontre. Yo priye ak bouch yo, men byen fon andedan yo pa konvenk ke priyè yo ap jwenn repons. Bondye pa janm reponn kalite priyè sa yo. Bondye sèlman onore yon moun ki priye avèk lafwa.

Jezi te di sa byen klè: *Si ou kwè, ou va resevwa tout sa ou mande nan lapriyè* (Matye 21:22 NIV). Anpil moun priye ak pawòl san fen espere yo tande yo. Gwo diskou nan lapriyè pa janm enpresyone Bondye. Gen lòt

Free Digital Copy From ServeNow

ki mande, men ki doute pandan y ap mande. «Bondye ki rete byen lwen, si ou tande priyè mwen epi si ou vle reponn priyè sa a, petèt ou ka...»

Liv Jak la eksplike prensip sa. *Men, se pou li mande ak konfyans, san l' pa gen doutans. Paske, moun ki gen doutans, li tankou lanm lanmè van ap boulvèse. Yon moun konsa pa bezwen mete nan tèt li l'ap resevwa anyen nan men Seyè a. Se yon moun ki pa konnen sa li vle, ki toujou ap chanje lide nan tou sa l'ap fè* (Jak 1:6–8).

Mande avèk lafwa. Lafwa garanti ou de repons lan menm anvan li vini: *Lè yon moun di li gen konfyans nan Bondye, sa vle di li sèten li gen pou l' resevwa sa l'ap tann lan. Li gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste tout bon vre* (Ebre 11:1). Donk, lè w mande, di Bondye mèsi pou repons lan. Ou ka di Bondye mèsi pou repons lan lè w gen lafwa nan kè ou. Pa doute lè w ap priye. Lè sa a, Bondye va reponn.

Move motivasyon

Bondye cheche kè a. Li konprann tout motivasyon ki dèyè panse nou yo. Se poutèt sa li refize reponn priyè ki gen move motivasyon.

Konprann motivasyon yo pa fasil. Pafwa nou konn konfonn. Li difisil pou nou fè distenksyon ant motivasyon ki pwop ak move motivasyon. Sa vle di poukisa David te priye: *Sonde m', Bondye! Wè tou sa ki nan kè m'! Fouye m'! Wè tou sa ki nan lide m'!* (Sòm 139:23).

Move motivasyon yo an jeneral soti nan egoyis. *Menm lè nou mande, nou pa resevwa anyen, paske nou mande mal. Nou mande bagay ki pou satisfè pwòp dezi pa nou sèlman* (Jak 4:3).

Free Digital Copy From ServeNow

Lè ou fè fas ak yon priyè ki pa jwenn repons, mande Bondye pou l sonde kè ou. Lè limyè li revele yon move motivasyon kache, konfese l ba li epi priye ankò. Lè sa a, Bondye ap reponn priyè ou.

Pa sèten de volonte Bondye lè n ap priye

Sa a se yon domèn ki trè difisil. Li pran plizyè ane pou kretyen yo aprann disène volonte Bondye nan sikonstans lavi yo. Li pran plizyè ane lekti ak medite sou Bib la pou yo ka tande konsèy Bondye a klèman. Bib la pale de difikilte sa a. Li di nou tou ke Sentespri ki nan nou an ede nou priye dapre volonte Bondye. Sa rive paske Lespri Bondye a konnen sa volonte Bondye ye.

Pi gwo batay kretyen yo rankontre nan lapriyè se priye dapre volonte Bondye. Jezi te pase nan menm batay sa a nan Jaden Jetsemane a, jis anvan yo te vini ak li pou krisifye l'. Li te priye, *pa jan mwen vle, men jan ou vle*. Soumèt tet ou a volonte Bondye kapab yon gwo lit.

Lè ou kòmanse priye dapre volonte Bondye, repons lan ap vini san mank: *Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen l'ap koute nou si nou mande l' kichòy ki dakò ak volonte li. Konsa, non sèlman nou konnen l'ap koute nou lè nou fè l' yon demann, men nou konnen tou l'ap ban nou sa nou mande l' la* (1 Jan 5:14,15).

Si ou santi yon batay ant dezi ou yo ak volonte Bondye, mande Bondye pou l ba ou favè pou ou aksepte volonte li. Apre sa, priye pou volonte li fèt.

Manke pèsistans

Jezi te di, *Mande, Frape, y'a louvri pou nou* (Matye 7:7). Anpil moun swiv prensip sa a men pa jwenn pòt k ap louvri. Sa pa vle di ke sa Jezi te di a pap mache,

Free Digital Copy From ServeNow

men sa vle di ke frape yon sel fwa pa sifi. Kontinye frape jiskaske pòt la ouvri. Sa vle di ou inpasyan pou bezwen ou. Lè Bondye wè dezespwa nou, li souvan reponn priyè.

Bondye pa reponn bagay ou swete selman nan panse, men li onore moun ki kontinye frape. Moun ki vrèman nan bezwen kontinye frape. Gen lòt ki frape plizyè fwa epi k ap mache di lòt moun ke Bondye pat reponn priyè yo. Pwoblèm nan pa nan Bondye men nan nou, paske nou abandone twò fasil.

Nan Lik 18, Jezi te rakonte yon parabòl sou yon vèv ki pa t abandone. Objektif la sete pou anseye disip yo ke «yo ta dwe toujou priye epi yo pa dwe abandone leve.»

Pi bon kado syèl la rezève pou moun ki pèsevere nan lapriyè. Se sèl fason sa a ou ka di Bondye ke ou vrèman bezwen repons patikilye sa a pou lapriyè. Kontinye priye. Pa abandone. Repons ou a deja sou wout.

Nan liv li *a Desen Sèk la (Drawn the circle)*, Mark Batterson rakonte yon istwa sou yon sechrès nan Mississippi anviwon senkant ane de sa. Sechrès la te menase detwi rekòt yo, kidonk youn nan legliz yo te mande yon reyinyon lapriyè. Plizyè douzèn kiltivatè te vini pou priye, abiye ak salopèt abityèl yo, men yon nonm te vini abiye ak bott maren. Li te abiye pou mirak la. Lè moun yo te mande l poukisa, li te senpleman reponn, «Mwen pa t vle mache lakay mwen mouye.» Epi li pa t vle, men tout lòt moun te vle.

Jezi di nou ke lafwa nou pa bezwen pi gwo pase yon grenn moutad. Gen kèk grenn ki pran plis tan pou grandi. Nou vle gen rezilta tout swit.

Free Digital Copy From ServeNow

Nou gen tandans klase priyè nou yo soti nan fasil rive nan pi difisil. Bondye pa fè sa. Lè Jezi te soti nan tonm nan, li te retire mo enposib la nan vokabilè kretyen an. Pa gen yon priyè li pa ka reponn. Bondye souvan gen yon sipriz sakre pou nou. Pèsonèlman, mwen patisipe nan anpil koleksyon fon pou ministè. Chak jou mwen priye priyè moun k ap kolekte fon an, «Senyè, sipriz mwen jodi a.»

Imajine si Izrayelit yo te sispann mache toutotou Jeriko nan sizyèm jou a? E si Naaman te sèlman benyen tèt li sis fwa? E si Eli te sispann priye pou lapli apre sizyèm demann li an? Nou dwe pèsiste! Liv Jozye a di, *Jan mwen te di Moyiz la, mwen pral ban nou tout peyi kote nou pral mete pye nou an* (Jozye 1:3). Bondye pa yon djinn nan yon boutèy, ki kwè ke volonte nou se lòd li. Men, lòd li ta pi bon pou l vin volonte nou.

Priye ansanm

Lè nou priye ansanm, priyè nou yo vin plen ak puisans Sentespri a. Malerezman, anpil kretyen pa pwofite de sa. Priye ansanm se yon bagay biblik. Plizyè fwa nan Nouvo Testaman an, Kretyen yo resevwa enstriksyon pou yo priye ansanm. Enstriksyon sa a pa limite sèlman a fanmi an. Premye moun ki te bay manda sa a se te Jezi, dezyèm lan se te Pòl. Enstriksyon an jeneralman se pou yo priye ansanm ak lòt moun.

Matye 18:19–20, *Men sa m'ap di nou ankò: Si de nan nou mete yo dakò sou latè pou mande nenpòt ki bagay lè y'ap lapriyè, Papa m' ki nan syèl la va ba yo li. Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo ansanm nan non mwen, m'ap la nan mitan yo*. Se pawòl sa yo Jezi te di disip

Free Digital Copy From ServeNow

li yo. Li pa t sèlman sijere pou pase tan ansanm nan lapriyè, men li te enstwi nou pou nou fè sa. Li pa t limite ak ki moun nou ta dwe priye non plis; li te jis di pou nou fè l.

Otè liv Ebre a te bay enstriksyon ke nou sipoze *Se pou nou yonn veye sou lòt pou yonn ka ede lòt gen rèmmen nan kè nou, pou yonn ka ankouraje lòt nan fè sa ki byen. Pa pran egzanp sou moun ki pran abitid pa vin nan reyinyon nou yo. Okontrè, se pou yonn ankouraje lòt fè sa, koulye a pi plis pase anvan, paske nou wè jou Seyè a ap pwoche.* (Ebre 10:24–25). Reyinyon ansanm pa vle di sèlman legliz. Nan Women 15:30, Pòl ankouraje *nou pou nou patisipe nan batay mwen an lè nou priye Bondye pou mwen.* Sa a se pa yon sijesyon men yon enstriksyon.

Priye ansanm libere yon pouvwa ki pi gran pase sa yon sèl moun ka reyalize poukont li. Senpman di, gen fòs nan kantite. Ki kalite pouvwa lapriyè ansanm genyen?

Si yon moun nan nou malad, se pou l' rele chèf reskonsab yo nan legliz la. Y'a lapriyè pou li, y'a pase lwil sou li nan non Seyè a. Lè lapriyè a fèt ak konfyans, li va delivre malad la. Seyè a va fè l' leve gaya. Si li te fè kèk peche, Bondye va padonnen li. Se pou nou konfese peche nou yo yonn bay lòt. Se pou yonn lapriyè pou lòt, pou nou kapab geri. Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa (Jak 5:14-16).

Jak ap pale de tout kalite gerizon. Gerizon fizik ak mantal rive paske nou priye ansanm youn pou lòt. Gerizon espirityèl ak emosyonèl rive paske nou konfese peche nou yo youn bay lòt, epi nou priye ansanm. Li klè, si kretyen yo priye ansanm, nou pral fè eksperyans pouvwa Senyè a.

Free Digital Copy From ServeNow

Nou li nan Matye 18:19 kijan Papa a ap fè nenpòt bagay nou mande lè sèlman de moun reyini ansanm an akò. «Nenpòt bagay» se yon tèm vrèman laj ki gen ladan l tout bagay. Sa a se literalman pouvwa pou deplase syèl la ak tè a. Lè nou priye ansanm, nou gen pouvwa sa a. Lapriyè se tankou yon patenarya. Akoz lapriyè, gen yon lyen ki fome ant kwayan yo. Ou ka fè pi bon travay pou Bondye ak pou lòt moun atravè lapriyè.

Si priye ansanm tèlman puisan, poukisa kretyen yo pa renmen fè li? Petèt nou motive pa yon faktè laperèz. Nou pè fè yon erè oswa pou nou pa rejte pa moun n ap priye avèk yo. Nou ka fè kèk priyè ki vrèman egzajere, epi si Bondye pa reponn imedyatman, nou ka santi tankou nou echwe. Laperèz sa a pa soti nan Bondye. Li soti nan lènmi an, k ap jwe sou ensèkirite nou an. Jan 10:10 konfime sa: *Lè vòlè a vini, se vòlò li vin vòlò, se touye li vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè.*

Lè kretyen yo pè paske yo ka rejte nou, fè erè, oswa echwe yon jan kanmenm, nou tonbe dirèkteman nan pyèj pèrez lènmi an. Li itilize zam sa a pou l vòlè kouraj nou pou nou priye ak lòt moun. Jezi te di nou: *Nou menm ki zanmi m', m'ap di nou sa. Nou pa bezwen pè moun ki touye kò men ki pa kapab fè anyen plis pase sa. M'ap moutre nou moun pou nou pè a: Se Bondye pou nou pè. Lè Bondye fin touye, li gen pouvwa pou l' jete nan lanfè apre sa. Wi, mwen di nou se li menm pou nou pè* (Lik 12:4-5). Pòl di Timote: *Paske, Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun. Okontrè, Lespri Bondye a ban nou fòs, renmen ak pouvwa pou kontwole tèt nou* (2 Timote 1:7).

Free Digital Copy From ServeNow

Nou bezwen priye avèk kouraj

Lapriyè avèk kouraj onore Bondye epi Bondye onore lapriyè avèk kouraj. Bondye renmen kenbe pwomès li yo, fè mirak epi reyalize rèv. Se sa li ye epi se sa li fè. Bondye p ap fè anyen san nou pa priye pou li. Pi gwo trajedi a se priyè ki pa jwenn repons paske yo pa mande yo.

Yon nonm te fè yon rèv yon nuit. Li te nan yon depo nan syèl la, plen ak ranje etajè san fen, plen ak kado byen vlope. «Kisa sa ye?» li te mande yon zanj ki t ap fè l vizite. «Sa yo se repons priyè Bondye te vle bay pèp li a, men pèsonn pa t janm mande yo!»

Repons ki an reta

Moun sispann priye poutèt reta pou jwenn repons nan lapriyè. San dout, reta ka pote fristrasyon ak desepsyon. Men, konnen ke Bondye retade repons pou byen nou. Papa nou ki nan syèl la konnen sa nou bezwen menm anvan nou mande. Men, lè nou mande, li pran reta pou asire ke motivasyon nou nan mande yo kòrèk. Nou bezwen aprann fè konfyans nan sajès li, ki pa ka fe erè. Nan tan ki apwopriye a ak moman ki apwopriye a, repons li ap vini. Kidonk, rele Bondye, nenpòt kote, nenpòt ki lè. Kèlkeswa demann lapriyè a, swa bagay senp oswa enpòtan, li renmen tande ou.

Ki bon pozisyon pou lapriyè?

Jim Elliot, yon misyonè pou Endyen Auca yo nan Amerik di Sid, ki te finalman asasinen pa moun li te

Free Digital Copy From ServeNow

eseye rive jwenn yo, te konn di, «Sen ki avanse sou jenou l pa janm fè bak.»

Pozisyon entèn lan pi enpòtan pase pozisyon ekstèn lan. Èske ou sonje pitit gason pèdi a? Li te fè pi move priyè a nan pi bon kote a. Lakay li, li te di papa l, «Ban mwen!» Pita nan lavi, lè li te fin gaspiye tout richès li epi li t ap bay kochon yo manje tankou yon esklav, li te fè pi bon priyè a nan pi move kote a, «Fè m tounen yon sevitè.»

Kilè pou m priye?

Lekriti a di nou pou nou priye san rete. Sa pa vle di pou nou chita nan yon ti chanm, poukont nou, epi priye 24 sou 24, 7 jou sou 7. Men, nou ka priye tout tan pandan n ap fè travay nou yo chak jou. Li bon pou nou priye an silans lè nou avèk lòt moun, men nou dwe tou gen moman kote nou poukont nou. Patriyach Abraram te ale nan yon jaden pou l priye. Pitit pitit li, Jakòb te soti nan mitan lannwit pou l lite ak Bondye. Sovè a, Moyiz, te ale poukont li nan Tant lan, ki pita yo te rele Tabènak la, epi li te monte tou sou mòn nan pou l te poukont li avèk Bondye. Jezi te souvan ale nan mòn yo pou l priye.

Mwen remake youn nan pi bon moman pou m priye se pandan m ap kondui nan machin mwen, poukont mwen. Pa gen okenn lòt moun ki tande m, kidonk mwen ka chuichui oswa pafwa rele byen fò. Kit n ap tann nan limyè trafik, oswa nou bloke nan trafik lè lè a chaje, nou ka priye pou lòt chofè yo olye pou nou fache avèk yo. Sa ede pwòp lespri ou! Pwofite tout opòtinite!

Free Digital Copy From ServeNow

Ki kantite tan pou mwen priye?

Èske nou obliyè priye pandan inèdtan anvan Bondye pale avèk nou? Oubyen èske dis minit sifi? Mwen pa kwè Jezi mezire priyè nou yo ak yon kronomèt. Sepandan, mwen renmen deskripsyon batèm Jezi a nan Lik 3:21, *Lè Jan te fin batize tout moun, li batize Jezi tou. Antan Jezi t'ap lapriyè, syèl la louvri.* Pafwa lè nou priye, nou santi tankou plafon an vin pi pre epi li sèlman yon pous anlè tèt nou. Nou pa rive fini. Solisyon an se priye jiskaske syèl la ouvri!

Poukisa mwen ta dwe priye?

Nan Efezyen 3, Pòl dekri kat demann priyè espesifik. Yo vrèman diferan de sa nou abitye fè yo. Li pa t priye pou èd materyèl, plis manje, yon pi bon kay oswa yon nouvo machin. Li pa t priye non plis pou gerizon pou maladi sa a ak lòt anko, byenke li te ka fè sa. Okontrè, li te priye pou yon bagay ki pi pwofon.

Fòs espirityèl andedan ou

M'ap mande Bondye pou li ban nou, dapre richès pouvwa li a, fòs ak kouraj nan kè nou, pa mwayen pouvwa Sentespri a, pou nou ka grandi nan karaktè nou (Efezyen 3:16). Kisa yon kò ki an sante itil si lespri a pa bon?

Dwight L. Moody, gran evanjelis Chicago nan diz-nevyèm syèk, te konn di, lè moun te mande l sou pi gwo obstak pou travay li, «Mwen gen plis pwoblèm ak D.L. Moody.» Vrè renouvèlman kòmanse nan nou. Jan ansyen pwovèb la di a, «Pa priye pou sikonstans ki egal ak pouvwa w, men pou puisans ki egal ak sikonstans ou.»

Free Digital Copy From ServeNow

Pwofondè espirityèl

Pou Kris la rete nan kè nou ak konfyans nou gen nan li a. M'ap mande Bondye pou nou pouse rasin, pou nou chita byen fèm nan renmen (Efezyen 3:17). Nan Mak 4, Jezi te rakonte parabòl sou moun k ap simen an. Yon pati nan grenn yo tonbe nan chemen an, zwazo yo manje l. Yon lòt pati tonbe nan mitan wòch kote ki pa gen anpil tè. Lè grenn nan pouse, li mouri, paske li pa t gen rasin. Gen lòt ki tonbe nan mitan pikan, pikan yo grandi epi yo toufe plant yo. Se sèlman 25 pousan ki tonbe nan bon tè a, yo devlope rasin byen fon epi yo donnen.

Pèsonn pa ka wè sistèm rasin lan. Se tankou fondasyon yon gwo kay grat syèl; si yo pa bati fondasyon byen fon, yo pa ka ajoute anpil etaj. Gen yon moun ki te di nou se sa nou manje. Gen kèk nan nou ki plis pase sa nou manje. Bondye te di nou pou nou wè kò nou kòm tanp li, men gen kèk nan nou ki bati katedral! De tout fason, nou bezwen konsantre sou pwofondè espirityèl nan lavi nou, ak rasin byen fon. Lè tanpèt lavi yo vini, nou ka rete fèm menm si van an eseye frape nou.

Pèsepsyon espirityèl

Pou nou ka konprann, ansanm ak tout pèp Bondye a, jan renmen Kris la laj, jan li long, jan li fon, jan li wo (Efezyen 3:18).

Ofiramezi ke nap grandi, nou gen tandans vin pi direk nan panse nou ak nan konpreyansyon nou. Nou devni tre defansiv epi nou santi nou menase. Pafwa vizyon nou genyen sou Bondye vin twò piti.

Free Digital Copy From ServeNow

Nou limite li nan sa li fè ak sa li ka fè. Petèt priyè nou ta dwe konsantre sou resevwa yon pèsepsyon espesyal, pou nou ka konprann tout sa Bondye ye ak kijan lanmou li genyen pou nou an gran.

Plenitid espirityèl

Wi, mwen mande pou nou rive konnen kalite renmen Kris la gen pou nou, atout pèsonn p'ap janm ka rive konnen l' nèt. Konsa, n'a vin plen nèt ak tou sa ki nan Bondye (Efezyen 3:19).

Plenitid anjeneral vle di kontwòl. Lè nou ranpli ak kòlè—nou kontwole pa kòlè. Lè nou ranpli ak anmè, nou kontwole pa anmè. Lè nou vin ranpli ak lespri Bondye a, nou anba kontwòl lespri li. Epi lè nou ranpli ak lapriyè youn pou lòt, nou anba kontwòl sila a k ap priye pou nou an.

Yon fason fasil pou priye chak jou

A.K.J.S. se yon akwonim ki ede nou rete konsantre nan priyè. Pafwa nou pa vrèman konnen kijan pou nou priye. Modèl AKJS pou lapriyè fè li pi fasil pou priye, menm si ou pat janm konn priye anvan. Li fè lapriyè a pèsonèl, efikas, epi puisan.

A —Adorasyon

Premye pati priyè sa a se adorasyon. Tout moun renmen le yo fè yo konpliman ak lwanj! Bondye pa diferan. Li merite lwanj nou. Se pou ou presi. «Ou tèlman mèveye» se yon bèl bagay pou di, men nou pa di poukisa nou panse li mèveye. Eseye yon bagay tankou, «Bondye, mizèrikòd ou ak lanmou ou anvè

Free Digital Copy From ServeNow

mwen bèl anpil.» Sa fè Bondye konnen egzakteman sa n ap santi.

K — Konfesyon

Yon moun te di, «Konfesyon bon pou nanm nan.» Peche nou yo separe nou ak Bondye. Konfese peche nou yo nan lapriyè anvan Bondye louvri chemen pou yon relasyon ki pi pwofon avè l. Li deja konnen peche nou yo, men konfesyon nou an demontre pwòp konsyans nou genyen de tèt nou ak dezi nou pou retire tout baryè nan relasyon nou an. «Bondye, mwen peche kont ou lè mwen _____.» Se pou nou onèt epi dirèk.

J — Jou Aksyon de Gras

Poukisa nou rekonesan? Kite Bondye konnen! «Mèsi Bondye, paske ou padone m epi ou renmen m malgre peche mwen yo,» se yon fason senp pou priye. Pa bezwen eksplike plis sof si ou santi ou espesyalman beni, epi ou vle site an detay aspè nan lavi ou pou ki ou rekonesan.

S — Siplikasyon

Siplikasyon vle di mande avèk imilite, epi li se konpozan final modèl lapriyè nou an. Nou te eksprime adorasyon nou, konfese peche nou yo epi eksprime rekonesans nou. Kounye a nou pare pou nou pwoche Bondye avèk demann nou an. Nan ka pa m, yon siplikasyon souvan se «tanpri ede m vin yon pi bon moun.» Lè w ap priye, ou ka mande yon bagay espesifik tou. Pa gen anyen ki mal nan mande Bondye egzakteman sa nou vle. Matye 21:22 asire nou,

Free Digital Copy From ServeNow

Si nou gen konfyans nan Bondye, n'a resevwa tou sa n'a mande l' lè n'ap lapriyè.

AKJS se yon bon modèl pou nou itilize pandan n ap prepare pou priye. Akwonim AKJS la ede nou sonje sa nou vle di Bondye. Priyè AKJS nou yo ka trè detaye epi long. AKJS kapab tou byen senp epi presi. Sa ki pi enpòtan pase teknik nou itilize a se pou nou tou senpleman priye.

Kisa Bib la di sou lapriyè?

Anba tout tray sa yo, yo rele nan pye Seyè a. Li wete yo nan lafliksyon sa a. Li kase gwo van an. Lanm lanmè yo sispann fè bri. Kalmi fèt. Yo te kontan lè yo wè lanmè a vin bèl. Seyè a fè yo antre san danje nan pò kote yo t'aprale a (Sòm 107:28–30).

Mande, y'a ban nou. Chache, n'a jwenn. Frape, y'a louvri pou nou (Matye 7:7).

Si nou gen konfyans nan Bondye, n'a resevwa tou sa n'a mande l' lè n'ap lapriyè (Matye 21:22).

Se pou sa mwen di nou: Tou sa n'ap mande lè n'ap lapriyè, si nou gen fèm konviksyon nou resevwa l' deja, n'a wè sa rive vre (Mak 11:24).

Tou sa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou, pou Pitit la ka fè wè pouvwa Papa a. Nenpòt kisa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou (Jan 14:13–14).

Li di yo: -Se lapriyè sèlman ki pou fè kalite lespri sa a soti (Mak 9:29).

Pyè fè tout moun soti. Li mete jenou l' atè, li lapriyè. Apre sa, li vire bò kot kò a, li di li: Tabita, leve non. Fanm lan louvri je l', lè l' wè Pyè, li chita (Travay Apot yo 9:40).

Si yon moun nan nou malad, se pou l' rele chèf reskonsab yo nan legliz la. Y'a lapriyè pou li, y'a pase lwil

Free Digital Copy From ServeNow

sou li nan non Seyè a Lè lapriyè a fèt ak konfyans, li va delivre malad la. Seyè a va fè l' leve gaya. Si li te fè kèk peche, Bondye va padonnen li. Se pou nou konfese peche nou yo yonn bay lòt. Se pou yonn lapriyè pou lòt, pou nou kapab geri. Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa (Jak 5:14-16).

Pandan n'ap fè tou sa, pa janm bliye lapriyè. Mande Bondye konkou li. Lapriyè nan tout sikonstans avèk pouvwa Sentespri a. Se poutèt sa, pa kite dòmi pran nou, kenbe fèm nan sa n'ap fè a. Lapriyè pou tout pèp Bondye a (Efezyen 6:18).

Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l' mèsi tou lè n'ap lapriyè. Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l', bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri (Filipyen 4:6-7).

Ki rapò lapriyè genyen avè m tout bon vre?

Mwen konnen ke mwen se yon moun ki san defans. Mwen pa gen okenn lòt kote pou m al chache èd apa nan men Bondye. Pandan ke mwen ka enpresyone lòt moun, mwen pa ka enpresyone Bondye. Lè mwen vin dezespere, Bondye sanble reponn lapriyè. Nan 1 Samyèl 1:1–15 nou ka swiv istwa Ana, ki pa t janm ka vin ansent epi fè yon pitit. Avèk dezespwa, li te priye nan antre Tabernak la, li te kanpe la, li t ap bat bouch li nan yon priyè an silans, jiskaske granprèt la te panse li te sou. Bondye te reponn priyè dezespere li a!

Plis nou gen konfyans nan tèt nou, mwens nou priye. Lapriyè se vrèman lang pòv yo. Salmis la byen eksprime li. *Seyè, tanpri panche zòrèy ou bò kote m', reponn mwen, paske se yon pòv malere san sekou mwen ye*

Free Digital Copy From ServeNow

(Sòm 86:1). *Lè moun ki san sekou yo rele l', li reponn yo, li delivre yo anba tout tray* (Sòm 34:6).

Enpwisans pouse nou nan lapriyè. Nan liv Revelasyon an, legliz Lawodise a eksplike ke li gen tout bagay epi li pa bezwen anyen, alòske an reyalite, li te bezwen tout bagay.

Pandan ane yo, mwen te patisipe nan plizyè konferans evanjelik, ni pou moun layik ni pou pastè. Pi souvan, yo mete plis anfaz yo sou estrateji olye de lapriyè. Sepandan, si nou priye, nou ap gaspiye tan nou. Lè nou travay, nou travay. Lè nou priye, Bondye ka travay.

2 istwa nan Ansyen Testaman an fè nou sonje sa. Lè Neyemi t ap sèvi wa a nan Babilòn, li te tande pale de kondisyon vil li a, nan Jerizalèm. Yo te sakaje vil la, tanp lan te detwi epi miray vil la te kraze. Lè li te konfwonte ak nouvèl trajik sa a, li te priye. Lè wa a te wè figi tris Neyemi an, li te mande poukisa li te sanble tèlman deprime. Avèk yon ti priyè rapid bay Bondye, Neyemi te reponn wa a, epi wa a te entèveni epi li te ba li materyèl li te bezwen pou l te ale lakay li epi rebati miray la. Apre li te fin retounen Jerizalèm epi li te kòmanse travay la, lènmi yo te eseye kanpe travay la. Neyemi te priye ankò epi Bondye te reponn. Bezwen ak enpuisans te rale Neyemi vin jwenn Bondye.

Nan 1 Samyèl, nou li sou lame Izrayelit la ki te menase pa Filisten yo, reprezante pa Goliyat, chèf jeyan yo a. Pèsonn pa t oze kanpe kont li, jiskaske ti bèje David rive nan kan an. Li te wè enpuisans yo epi li te konnen se Bondye sèl ki te kapab rezoud pwoblèm nan. Li te literalman kriye nan pye Bondye epi

Free Digital Copy From ServeNow

apre sa, li te deklare byen fò, pou tout moun te ka tande l: -*W'ap mache sou mwen avèk nepe, gwo frenn ak ti frenn. Men mwen menm, m'ap mache sou ou nan non Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye lame pèp Izrayèl la. Se li menm ou te mete an defi vin goumen avè ou. Jòdi a menm, Seyè a pral lage ou nan men m'. M'ap vide ou atè, m'ap koupe tèt ou. Lèfini, m'ap kite kadav ou ansanm ak kadav sòlda Filisti yo pou zwazo nan syèl ak bèt nan bwa manje. Konsa, tout moun nan peyi a va konnen pèp Izrayèl la gen yon Bondye* (1 Samyèl 17:45–46).

Èske ou twò okipe pou priye? Lavi nou plen ak anpil demand. Priye pou yo ka fè yo rezoud pi vit pase jis travay sou yo tankou esklav. Mwen pase anpil jou sou wout la ap vwayaje, epi mwen gen anpil èdtan pou kont mwen nan chanm otèl. Li tèlman fasil pou mwen limen televizyon an epi kite lè yo pase pandan m ap gade yon bagay ki pa gen anpil benefis pou nanm mwen. Souvan mwen deside pa limen televizyon an ditou, men pito pou mwen priye, okontrè, «Senyè, ban mwen yon syèl ouvè nan plas sa a.»

Di Bondye ou serye nan lapriyè. Pa aksepte non kòm repons. Pwofèt Oze te di nou, *li lè pou nou chèche Senyè a, jiskaske li vini epi li vide jistis li sou ou* (Oze 10:12 NIV).

Li pap koute paske mwen echwe devan Bondye anpil

«Kòman mwen ka priye lè mwen echwe anpil konsa? Mwen te eseye priye men mwen te santi mwen te vle yon odyans ak yon Chèf Deta, ke mwen fèk pilonnen drapo li!»

Poukisa Satan tadwe defann glwa Bondye pou l kenbe rad nou sal epi lwen sal twòn nan? Se nati li.

Free Digital Copy From ServeNow

Erè yo pa pou kache men pou depoze devan Bondye. Men sa Nouvo Testaman an di:

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sak gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal (1 Jan 1:9).

Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la n'a jwenn padon pou peche nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesesite (Ebre 4:16). Se lè ou pi nan bezwen ou pi akeyi devan Bondye. Li pa fasil pou vini avèk konfyans, men se sa li envite nou fè. Nenpòt moun ou ye, kèlkeswa sa ou te ye nan tan lontan ak prezan ou, l ap koute priyè sensè ak dezespere ou. Sonje byen, li koute kri ki pi fèb nan kè ou.

Èske w pare pou w fè pati repons lan?

Li bèl pou *jwenn* repons pou lapriyè, men li anko pi bèl toujou pou ou *se* yon repons pou lapriyè. Moyiz te nan dezè a pandan l ap priye pou yon solisyon pou pèp li a ki t ap viv an kaptivite nan peyi Lejip. Figi l te sou chak afich moun yo ap chèche moun nan peyi Lejip e se te dènye kote li t ap janm retounen. Lè sa a, Bondye te parèt nan ti touf bwa ki t ap boule a epi li te di Moyiz tou senpleman: «Ou fè pati repons lan. Retounen epi sove pèp mwen an.»

Pandan l te nan Babilòn, Neyemi te priye pou vil Jerizalèm, pou miray vil li yo ki te kraze, ak pou dezòd jeneral la. Bondye te reponn priyè Neyemi an epi li te enfòme l ke li te genyen yon vwayaj nan Tè Sent lan. Li te devini yon pati repons lan.

Free Digital Copy From ServeNow

Nan liv Jij yo, Jedeyon te priye pou delivrans pèp li a anba men Madyanit yo ki tap oprime yo. Zanj Senyè a te parèt epi li te di li: *Bonjou, vanyan sòlda! Seyè a avè ou!... Ale non. Avèk fòs kouraj ou genyen an, w'a delivre pèp Izrayèl la anba men moun peyi Madyan yo. Se mwen menm menm ki voye ou!* (Jij 6:12–14). Jedeyon te vin tounen yon pati nan repons lan!

Pandan wap priye, ou pral fini pa dekouvri ke ou kapab yon pati nan repons Bondye a. Sa se ka pi gwo repons pou lapriyè ke ou pral resevwa.

Tout lwanj lan se pou Bondye. Paske, ak pouvwa k'ap travay nan nou an, li kapab fè pi plis pase tou sa nou ka mande, pi plis pase tou sa nou ka mete nan lide nou. Wi, tout lwanj lan pou Bondye nan legliz la ak nan Jezikri, pou tout tan ak pou tout tan. Amèn. Se sa menm! (Efezyen 3:20–21).

Free Digital Copy From ServeNow

KESYON POU ETID AK REFLEKSYON

- Konbyen lwa e ki lè ou priye?

- Poukisa nou sipoze priye?

- Pou Kisa nou ka priye?

- Èske ou genyen yon egzanp konkrè kote Bondye reponn priyè ou yo?

- Èske li impotan pou nou priye ansanm?

Free Digital Copy From ServeNow

- Èske ou toujou priye avèk pèsistans?

- Poukisa ou panse ke pafwa Bondye pa reponn priyè ou yo?

- Èske ou pratike Adorasyon, Konfesyon, Remèsiman ak Souplikasyon?

- Èske ou rann ou kont kijan Jezi fidèl avèk nou lè nou konfese peche nou yo?

Free Digital Copy From ServeNow